दिन—बुधवार दिनांक—20.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक बैसार पटना स्थित मंत्रिमंडल सचिवालय मे संपन्न भेल। बैसार मे कलेको महत्वपूर्ण प्रस्ताव के पारित करबाक लेल विचार विमर्श भऽ रहल अछिण पैसार में विभिन्न विभागक तेरह प्रस्ताव के सरकार अपन स्वीकृति प्रदान कयलक अछि। एहि में औरंगाबाद, अरवल आ सहरसा मे खेल संरचनाक विकास तथा स्टेडियम निर्माणक प्रस्ताव के मंजूरी सेहो देल गेला

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना मे हवाई अड्डाक रनवे के विस्तार के लऽकऽ काज करबाक लेल नागर विमानन विभाग आ सिविल विमानन विभागक अधिकारी लोकनि संग चर्चा कयलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे रनवे के विस्तार के लऽकऽ राज्य सरकार पूरा सहयोग करत।

---

ओम्हर, जनता दल यूनाईटेडक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा आइ नव दिल्ली मे केन्द्रीय नागरिक उड्डयन मंत्री सँ भेट कऽ दरभंगा हवाई अड्डाक विकास सँ जुडल मामिला पर चर्चा कयलनि। चर्चा मे श्री झा दरभंगा हवाई अड्डा सँ अंतर्राष्ट्रीय उड़ान शुरू करबाक संग आनो विकास काजक अनुरोध कयलनि।

---

शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि अछि जे टीआरई—चारि लेल अधिसूचना शीघ्रहिं जारी कयल जायत। पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री तिवारी कहलनि जे शिक्षक अभ्यर्थी भरोसा राखथि, जल्दीए टीआरई—चारि परीक्षाक शेड्यूल जारी कयल जायत। ओ कहलनि जे शिक्षक भर्तीक प्रक्रिया विधिसम्मत होयत। पटना मे टीआरई—चारि अभ्यर्थी सभक प्रदर्शन के लऽकऽ शिक्षामंत्री कहलनि जे बाहरी तत्वक उकसावा मे अभ्यर्थी लोकनि अनावश्यक विरोध प्रदर्शन नहि करथि। एहि सँ पूर्व शिक्षक अभ्यर्थी लोकनि आइ पटना विश्वविद्यालय प्रशासनिक भवनक सोझा प्रदर्शन कयलनि। एहि क्रम मे प्रदर्शनकारी लोकनि सँ पुलिसक झड़प सेहो भेल।

————————————————————————————

खेल मंत्री श्रेयसी सिंह कहलनि अछि जे राज्यक प्रतिभावान खेलाड़ी के उत्तम प्रशिक्षण देल जयबाक लेल देशक प्रतिष्ठित प्रशिक्षण संस्थान आ आकादमी मे पठाओल जायत। सुश्री सिंह पटना मे आयोजित विभागीय समीक्षा बैसार मे अधिकारी लोकनि के एहि संबंध मे आवश्यक डेग उठेबाक निर्देश देलनि।

————————————————————————————

प्रदेश मे उनतीस नव रेल लाईनक निर्माण कराओल जायत। एहि मे कतेको रेल लाईन मिथिलांचल मे ओहि ठाम स्थापित कयल जायत, जतऽ लोक मात्र सड़क मार्ग पर निर्भर छथि। नव रेल लाईनक एलाइनमेंट तय करबाक मंजूरी रेलवे बोर्ड प्रदान कऽ देलक अछि। एहि पर कुल दू सय सड़सठि लाख टाका खर्च होयत। मिथिलांचल मे मधुबनी सँ जनकपुर रोड़, कुशेश्वरस्थान सँ सहरसा ,भगवानपुर सँ महुआ–ताजपुर होइत समस्तीपुर धरि मधुबनी आ कमतौलक मध्य, बहेरी सँ शिवाजी नगर–रोसड़ाक मध्य, लोहना सँ मुक्तापुरक मध्य सेहो नव रेल लाईनक निर्माण कराओल जायत।

————————————————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे भीषण गर्मीक स्थिति बनल अछि। औरंगाबाद, भभुआ, बक्सर, भोजपुर, समेत प्रदेश दक्षिण–पश्चिम भाग मे अधिकांश ठाम पारा बियालीस डिग्री सेल्सियस के पार कऽ गेल अछि। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटा मे भभुआ, गोपालगंज, आ रोहतास जिला मे लू चलबा के लऽकऽ रेड अलर्ट जारी कयने अछि। विभाग सँ प्राप्त संवादक अनुसार पछिला चौबीस घंटा म बियालीस दशमलव सात डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग कैमूर जिलाक भभुआ प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। एम्हर, विभाग सुपौल, अररिया, किशनगंज आ पूर्णियां समेत प्रदेशक उत्तर–पूर्व भाग मे कतेको ठाम अन्हर आ बरखाक संग ठनका खसबाक आशंका व्यक्त कयने अछि।

————————————————————————————

विशेष निगरानी इकाईक टीम सहरसा जिलाक महिषी अंचल कार्यालयक अंतर्गत बेलाही सिरवार हल्काक राजस्व कर्मचारी श्याम प्रसाद सिंह के सोलह हजार टाका घूस लैत ठामहि गिरफ्तार कऽ लेलक। टीम एहि मामिला मे एक दलाल फुलचंद शाह के सेहो गिरफ्तार कयलक अछि। हिनका दुनू पर जमीनक रसीद काटबाक लेल घूस लेबाक आरोप अछि।

———————————————————————————

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड–सीबीएसई बारहम कक्षाक बोर्ड परीक्षा दू हजार छब्बीसक मूल्यांकित उत्तरपुस्तिका के स्कैन कयल गेल प्रति के लेल आवेदन करबाक अंतिम तिथि एक दिन आओर बढ़ा देलक अछि। उम्मीदवार आब तेईस मई धरि आवेदन कऽ सकताह।

———————————————————————————

मधुबनी जिलाक मंगरौनी मे दू पक्षक बीच भेल हिंसक घटना मे लदनिया थाना क्षेत्रक खजेडीह गाम निवासी एक युवकक मृत्यु भऽ गेलनि। घटनाक बाद पुलिस मामिलाक जांच कऽ रहल अछि। पुलिस अधीक्षक योगेन्द्र कुमार जनौलनि जे जल्दीए आरोपी के गिरफ्तार कऽ लेल जायत।

———————————————————————————

समाप्त